



Pou Piblikasyon Imedya: 06/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN YON LEJISLASYON KI PWOTEJE GRANMOUN AJE YO KONT MOVE ITILIZASYON ENFÒMASYON PÈSONÈL YO

Lejislasyon (S.1560/A.1994) entegre vòl idantite nan definisyon abi sou granmoun aje yo pou sèvis ak pwogram sipò pou granmoun aje yo

Gouvènè Kathy Hochul te siyen lejislasyon (S.1560/A.1994) pou pwoteje granmoun aje yo kont move itilizasyon enfòmasyon pèsonèl yo nan otorize sèvis sipò sou vòl idantite yo atravè ajans san bi likratif yo ak otorite lapolis. Lejislasyon an otorize Biwo pou Granmoun Aje a ak otorite lapolis pou rekonèt vòl idantite kòm youn nan anpil fòm abi sou moun aje epi pou pran mezi apwopriye pou ede moun aje yo.

"Lefèt ke Nouyòkè ki pi aje yo souvan se sib vòl idantite se yon bagay ki pa admisib", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou dwe kontinye ranfòse pwoteksyon yo pou popilasyon k ap vyeyi nou an, epi lejislasyon sa a se yon fason senp, bon sans pou kenbe yo an sekirite kont manèv danjere pou abi sou granmoun aje. Nouyòkè ki pi aje yo te la pou nou epi kòm premye eta nan nasyon an ki adapte pou granmoun aje, mwen fyè ke New York kontinye trase chemen pou l prezan pou yo".

Nouvo lwa a ajoute yon definisyon "abi ak eksplwatasyon granmoun aje" nan lwa sou granmoun aje a epi entegre vòl idantite nan lis sèvis sipò ki elijib atravè pwogram kominote retirete ki rive natirèlman (Naturally Occuring Retirement Communities, NORC). Lwa a amande tou seksyon 214-c lwa egzekitif la pou prevwa ke vòl idantite dwe se youn nan anpil fòm abi sou granmoun aje ke Biwo pou Granmoun Aje a ak otorite lapolis abòde nan materyèl edikatif yo pou ofisyè lapolis itilize lè yo rankontre abi sa yo.

Itilizasyon ilegal enfòmasyon idantifikasyon pèsonèl yon moun tankou nimewo sekirite sosyal, enfòmasyon lisans chofè oswa kont bankè ak kat kredi li kapab lakòz gwo konsekans ki dire plizyè ane. Nan pi move fòm li, li ka kite viktim aje a nan fayit epi san resous pou retrèt li.

Pandan granmoun aje yo pa sèl sib vòl idantite, yo kapab espesyalman pi fasil viktim piske yo souvan bezwen pataje enfòmasyon pèsonèl yo avèk swayan, biwo founisè medikal, ajans gouvènman ak sou entènèt. Enpak vòl idantite kapab devastatè pou viktim aje yo ki pa kapab rekipere lajan yo vòlè pou yo pa mwayen travay. Lwa sa a, gwoup sèvis sipò pou granmoun aje ak ekip lapolis yo pral kapab itilize resous disponib

yo pou ede granmoun aje yo, sektè nan popilasyon nou an k ap grandi pi vit la, kont vòl idantite nan anpil fòm li.

Senatè Eta a, Rachel May, te deklare, "Chak ane, Nouyòkè ki aje yo viktim vòl piske raketè yo vin pi kreyatif ak agresif. Chanjman senp sa nan lwa nou yo ouvri resous eta a pou moun k ap konbat vye krim sa a. Mwen remèsye Gouvènè Hochul dèske li siyen pwojè lwa sa a jodi pou asire granmoun aje yo gen plis pwoteksyon kont abi".

Manm Asanble Catalina Cruz te deklare, "Avèk plis pase 10,000 Ameriken ki atenn laj 65 ane chak jou nan Etazini epi avèk plis pase de milyon Nouyòkè ki aktyèlman nan laj sa oswa ki depase laj sa, lejislati Eta a te aji pou bay pwoteksyon maksimòm kont vòl idantite nan ajoute krim sa a nan lwa yo ki pwoteje sitwayen ki aje nou yo. Dapre done 2019 yo ki soti nan Komisyon Komès Federal la, Eta New York klas kòm 12yèm nan peyi a nan ka vòl idantite yo kote gen plis pase 186 plent pou chak 100,000 Nouyòkè. Sa vle ke an 2019 sèlman, yo te vòlè idantite plis pase 36,000 nan rezidan konpatriyòt nou yo, anpil ladan yo se granmoun aje nou yo. Mwen fyè dèske mwen te travay sou pwoblèm sa a avèk kòlèg mwen nan Sena a, Rachel May, epi mwen remèsye Gouvènè Hochul dèske li siyen lejislasyon mwen an".

###

Lèt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)